

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif lantaran hasilna mangrupa wangun tinulis atawa kumpulan kalimah. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta méthode déskriptif nu udaganna pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun masalah nu ditalungtik. Sugiyono (2017, kc. 8) nétélakeun yén méthode panalungtikan kualitatif nyaéta méthode panalungtikan dumasar kana filsafat *postpositivisme* sarta dipaké pikeun nalungtik hal anu sipatna alamiah. Pamarekan kualitatif miboga udagan pikeun ngagambarkeun (*to describe*), maluruh (*to explore*), jeung ngajéntrékeun (*to explain*).


Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 310) méthode déskriptif nyaéta méthode panalungtikan nu miboga tujuan pikeun maluruh kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén nu patali jeung masalah nu ditalungtik. Patali jeung éta katerangan, Ratna (2013, kc.34) nandeskeun yén méthode déskriptif analisis mangrupa cara pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta anu ditalungtik tur satuluyna dianalisis.

Ngaliwatan méthode panalungtikan déskriptif analitik, dina ieu panalungtikan baris didéskripsikeun jeung dianalisis data panalungtikan anu mangrupa struktur carita pondok jeung aspék sosial dina kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani.

#### **3.1 Désain Panalungtikan**

Saacan ngalaksanakeun panalungtikan, panalungtik nangtukeun heula rarancang panalungtikan. Dina ieu panalungtikan, panalungtik baris ngalaksanakeun sawatara kagiatan, di antarana: 1) tatahar jeung ngarumuskeun masalah; 2) ngumpulkeun data tina hasil studi pustaka; 3) ngolah data ku cara nganalisis data dumasar pamarekan anu digunakeun dina ngadéskripsikeun data; 4) nyieun kacindekan tina hasil ngolah data; jeung 5) nyusun laporan panalungtikan. Rarancang panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.

**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**



### 3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

#### 3.2.1 Data Panalungtikan

Data dina ieu panalungtikan nyaéta sakabéh informasi ngeunaan struktur carita jeung aspék-aspék sosial dina kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani. Data struktur carita dina ieu panalungtikan nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Data aspék sosial dina ieu panalungtikan nyaéta ngawengku aspék sosial agama, aspék sosial atikan, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, jeung aspék sosial politik.

#### 3.2.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data utama dina ieu panalungtikan téh aya dua, nyaéta sumber data primér jeung sekundér. Sumber data primér nyaéta sumber data anu langsung méré data ka nu ngumpulkeun data atawa disebut data utama (Hardani, spk. 2020 kc. 121). Sumber data primér dina ieu panalungtikan nyaéta kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani. Sumber data sekundér nyaéta sumber data anu henteu langsung méré data ka nu ngumpulkeun data (Hardani, spk. 2020 kc. 121). Dina ieu panalungtikan, sumber data sekundérna nyaéta dicangking tina buku-buku matéri, jurnal, sarta skripsi nu aya patalina jeung ieu panalungtikan.

##### 3.2.2.1 Idéntitas Buku *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani



**Gambar 3.1** Sampul Buku *Ruruntuk*

Judul : *Ruruntuk*  
 Pangarang : Tiktik Rusyani  
 Medal : Citakan kahiji, April 2023  
 Pamedal : Agra Publisher  
 Kandel Buku : 127 kaca

Ieu buku ngawengku genep welas judul carita pondok. Dina ieu panalungtikan, jumlah carpon anu dianalisis ngawengku salapan judul carpon anu aya dina kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani, nyaéta ieu di handap.

**Tabél 3.1**

Kode Urutan Data Carpon

| No. | Judul Carpon                          | Kode Urutan Data |
|-----|---------------------------------------|------------------|
| 1.  | Simponi Teri Nasi jeung Sambel tarasi | KU1              |
| 2.  | Om Ray                                | KU2              |
| 3.  | Mulang                                | KU3              |
| 4.  | Nu Mulang Mawa Kamelang               | KU4              |
| 5.  | Sakura nu Muguran di Osaka            | KU5              |
| 6.  | Ruruntuk                              | KU6              |
| 7.  | Nyimas Qonaah                         | KU7              |
| 8.  | Réréng Énéng                          | KU8              |
| 9.  | Mapag Udat-Udat Balébat               | KU9              |

### 3.2.2.2 Biografi Singget Pangarang

Tiktik Rusyani, nénéhna Ikeu. Gelar ping 28 Séptémber 1965 di Bandung, Jawa Barat. Ayeuna dumuk di Komp. Margahayu Kencana Kec. Margahayu Kabupatén Bandung. Dipaparin 2 budak sajodo, nu cikal awéwé ngaranna Najma Khairanisa nu yuswana 25 taun, nu kadua lalaki, Muhammad Shabira Rizal yuswana 17 taun.

Tiktik Rusyani geus mikawanoh dunya tulis-tinulis ti budak kénéh. Ti jaman sakola di SD Pajagalan 47 Bandung, inyana sok nulis puisi dimimitian ku ngagunakeun basa Indonésia. Tiktik Rusyani nuluykeun atikan di SMP Pasundan 1 Bandung, harita kungsi jadi juara ngarang. Karesep nulisna tuluy diasah ti waktu ka waktu. Sabada tamat ti SMAN Margahayu Bandung, Tiktik Rusyani kuliah di STKS Bandung anu kiwari mah jadi Poltekkesos Bandung.

Riwayat atikan nu disorang ditambah ku budaya maca jeung nulis nu geus dilarapkeun ti bubudak di lingkungan kulawarga téh kawilang mangaruhan pisan kana kaparigelan dina widang kasusastraan Tiktik Rusyani. Lian ti kitu, kaparigelan nulis nu dipikaboga ku kulawarga ngamalir dina getih Tiktik Rusyani nepika kiwari midang minangka pangarang wanoja nu dipikawanoh ku balaréa.

Ngeunteung kana caritaanana, Tiktik Rusyani téh mimiti kataji ku *cerpen* sabada macaan majalah husus cerpen rumaja “*Anita Cemerlang*” ngan harita inyana teu wani ngirimkeun karya, disimpen wé dikumpulkeun dina draft sorangan. Taun 1994, munggaran pisan wani ngirim karya ka tabloid *NOVA* jeung ka *Koran Mitra Desa grup PR* baheula, duanana dimuat ngan harita pet wé teu ngirim-ngirim deui alatan kudu tugas ka Karawang.

Taun 1996, Tiktik Rusyani ngalaki rabi, ti saprak harita inyana mimiti ngabaladah nyieun carpon da kabeneran geus boga bekel ti bubudak resep macaan *Manglé* jeung *Galura* ogé mindeng ngaregepkeun dongéng Sunda dina radio anu matak ngababarikeun dina néangan jeung ngeuyeuban kosa kecap basa Sundana.

Taun 2005, Tiktik Rusyani kungsi ngirim carpon kana saémbara ngarang carpon nu diayakeun ku Koran Kujang nu judulna “*Srikandi Néangan Gawé*”. Éta karya jadi pinunjul kadua hasil penjurian sastrawan kahot Aam Amilia, H. Usep Romli, jeung Abdullah Mustappa. Sabada harita, inyana ngalaman vakum dina dunya kapanulisan aya kana 6 tauna tug nepi ka ngirim deui carpon ka Tribun Jabar taun 2011 nu langsung dimuat, judulna “*Apa*”. Ti harita mah baranahan nepi ka ayeuna.

Lian ti buku “*Srikandi Néangan Gawé*”, aya buku liana nu ditulis ku Tiktik Rusyani, nyaéta “*Lalaki Na Tungtung Peuting*”. Teu kaliwat nyieun karya antologi carpon jeung para panulis wanoja ti Disbudpar Kota Bandung, antologi carpon Patrem, jeung antologi fiksimini.

Méngpar ti dunya kasusastraan, Tiktik Rusyani téh miboga kalangenan séjén, nyaéta resep masak jeung nyieun kuéh malah mandar ti taun 2000 osok narima pésenen, miboga *brand* produk *RaNisa Cakes and Cookies*. Ku sagudang pangalaman nu kacangking dina lalakon kahirupanna, Tiktik Rusyani geus némbongkeun yén wanoja Sunda téh bisa jadi jalma rancagé ku sagala pangabisa anu dipiboga, malah bisa leuwih ti sawidang. Ceuk pamadeganna, sangkan bisa jadi jalma nu rancagé téh urang kudu sumanget dina bajoang, ulah éléhan komo bosenan mah dipahing pisan.

### 3.3 Téhnik Panalungtikan

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data téh mangrupa léngkah nu kudu dipilampah pikeun ngahontal udagan panalungtikan. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi pustaka. Téhnik studi pustaka nyaéta téhnik ngumpulkeun data anu asal sumberna tina dokumén atawa sumber pustaka. Ieu téhnik dipaké pikeun nyangking tur nalaah sajumlahing tiori anu aya patalina jeung panalungtikan. Sumber pustaka atawa dokumén téh bisa mangrupa wangun tulisan, gambar, atawa karya-karya monuméntal (Sugiyono, 2017, kc. 240). Dokuméntasi anu dilakukeun dina ieu panalungtikan nyaéta ngumpulkeun data tina sumber data, nyaéta:

- 1) struktur carita anu ngawengku téma, fakta carita, jeung sarana sastra, sarta
- 2) aspék-aspék sosial karya sastra anu ngawengku aspék agama, aspék moral, aspék atikan, aspék ékonomi, jeung aspék politik.

#### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data, panalungtik bisa nyaluyukeun dumasar kabutuhan panalungtikan. Data nu kakumpul tuluy diolah ngagunakeun téhnik déskriptif analitik jeung téhnik studi pustaka pikeun nyangking jawaban tina masalah anu ditalungtik. Tiori nu jadi cecepeangan dina nganalisis data nu kakumpul nyaéta tiori struktural Robert Stanton nu ngabagi struktur carita kana tilu bagian, nyaéta téma, fakta carita, jeung sarana sastra. Salian ti éta, digunakeun ogé tiori aspék sosial Soejono Soekanto anu ngawengku aspék sosial agama, aspék sosial atikan, aspék sosial moral, aspék sosial ékonomi, jeung aspék sosial politik. Luyu jeung pamadegan Sukmadinata (2010, kc. 114) nu nyebutkeun yén léngkah-léngkah dina ngolah data téh miboga sipat *fleksibel*.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat anu bisa digunakeun ku panalungtik pikeun ngarojong dina prosés ngumpulkeun tur maluruh data salila lumangsungna panalungtikan. Ku ayana instrumén panalungtikan, hasil panalungtikan téh bakal leuwih taliti, lengkep, sistematis, jeung datana gampang pikeun diolah (Arikunto, 2013, kc. 203).

### 3.4.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta dipaké pikeun ngumpulkeun cutatan carita dina kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani anu patali jeung unsur struktural carita jeung aspék-aspék sosial carita. Instrumén dina ngumpulkeun data nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tabél data.

Tabél 3.2  
Struktur Téma

| No. | Téma | Cutatan | Kode Data (C/KU/KC) |
|-----|------|---------|---------------------|
| 1.  |      |         |                     |
|     |      |         |                     |

Keterangan:

C : Judul Carpon

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.3  
Struktur Galur

| No.  | Galur | Cutatan | Kode Data (C/KU/KC) |
|------|-------|---------|---------------------|
| 1.   |       |         |                     |
| Jst. |       |         |                     |

Tabel 3.4  
Struktur Palaku

| No.  | Ngaran Palaku | Tingkat Pentingna Palaku |          | Fungsi Penampilan Palaku |           |
|------|---------------|--------------------------|----------|--------------------------|-----------|
|      |               | Utama                    | Tambahan | Protagonis               | Antagonis |
| 1.   |               |                          |          |                          |           |
| 2.   |               |                          |          |                          |           |
| jst. |               |                          |          |                          |           |

Tabél 3.5  
Struktur Watek

| No.  | Ngaran Palaku | Watek | Cutatan | Kode Data (C/KU/KC) |
|------|---------------|-------|---------|---------------------|
| 1.   |               |       |         |                     |
| 2.   |               |       |         |                     |
| Jst. |               |       |         |                     |

Tabél 3.6  
Struktur Latar

| No.  | Latar (Tempat, Waktu, Sosial) | Cutatan | Kode Data (C/L/KU/KC) |
|------|-------------------------------|---------|-----------------------|
| 1.   |                               |         |                       |
| 2.   |                               |         |                       |
| Jst. |                               |         |                       |

Katerangan:

C : Judul Carita

L (LT/LW/LS): (Latar Tempat/Latar Waktu/Latar Sosial)

KU : Kode Urutan Data

KC : Kaca

Tabél 3.7  
Struktur Judul

| No.  | Judul | Cutatan | Kode Data (C/L/KU/KC) |
|------|-------|---------|-----------------------|
| 1.   |       |         |                       |
| 2.   |       |         |                       |
| Jst. |       |         |                       |

Tabél 3.8  
Puseur Implengan

| No.  | Judul Carpon | Puseur Implengan | Cutatan | Kode Data (C/KU/KC) |
|------|--------------|------------------|---------|---------------------|
| 1.   |              |                  |         |                     |
| 2.   |              |                  |         |                     |
| Jst. |              |                  |         |                     |

Tabel 3.9  
Aspék Sosial dina Kumpulan Carpon

| No.  | Judul Carpon | Aspék Sosial |        |       |         |         |
|------|--------------|--------------|--------|-------|---------|---------|
|      |              | Agama        | Atikan | Moral | Ékonomi | Politik |
| 1.   |              |              |        |       |         |         |
| 2.   |              |              |        |       |         |         |
| jst. |              |              |        |       |         |         |

### 3.4.2 Instrumen Ngolah Data

Instrumén dina ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta ngagunakeun kartu data. Kartu data mangrupa instrumén anu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan-cutatan carta nu aya dina kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani nu satuluyna dianalisis. Ieu di handap mangrupa gambaran kartu data anu digunakeun.

|                                                                                             |
|---------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Judul Carpon</b><br><b>Téma:</b><br><b>Cutatan:</b><br><b>Kode Data:</b><br><br>Analisis |
|---------------------------------------------------------------------------------------------|

Gambar 3.2

Kartu Data Téma

|                                                                                              |
|----------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Judul Carpon</b><br><b>Galur:</b><br><b>Tahapan:</b><br><b>Kode Data:</b><br><br>Analisis |
|----------------------------------------------------------------------------------------------|

Gambar 3.3

Kartu Data Galur

|                                                                                                     |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Judul Carpon</b><br><b>Palaku/Watek:</b><br><b>Cutatan:</b><br><b>Kode Data:</b><br><br>Analisis |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------------|

Gambar 3.4  
Kartu Data Palaku jeung Watek

|                                                                                               |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Judul Carpon:</b><br><b>Latar:</b><br><b>Cutatan:</b><br><b>Kode Data:</b><br><br>Analisis |
|-----------------------------------------------------------------------------------------------|

Gambar 3.5  
Kartu Data Latar

|                                                                                                          |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Judul Carpon:</b><br><b>Puseur Implengan:</b><br><b>Cutatan:</b><br><b>Kode Data:</b><br><br>Analisis |
|----------------------------------------------------------------------------------------------------------|

Gambar 3.6  
Kartu Data Puseur Implengan

|                                                                                              |
|----------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Judul Carpon</b><br><b>Judul:</b><br><b>Cutatan:</b><br><b>Kode Data:</b><br><br>Analisis |
|----------------------------------------------------------------------------------------------|

Gambar 3.7  
Kartu Data Judul

|                                                                                                  |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------|
| <b>Judul Carpon:</b><br><b>Aspék Sosial:</b><br><b>Cutatan:</b><br><b>Kode Data:</b><br>Analisis |
|--------------------------------------------------------------------------------------------------|

Gambar 3.8  
Kartu Data Aspék Sosial

### 3.5 Prosedur Panalungtikan

Dina prosedur panalungtikan, aya sababaraha léngkah atawa tahapan anu dilaksanakeun saperti diwincik di handap.

- 1) Nangtukeun sumber data nyaéta buku kumpulan carita pondok *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani.
- 2) Ngaidéntifikasi jeung ngarumuskeun masalah nu bakal dipedar nyaéta struktur carita jeung aspék sosial nu aya dina éta kumpulan carpon.
- 3) Ngumpulkeun data anu kapanggih tina kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani.
- 4) Ngolah data atawa nganalisis data tina kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani dumasar kana tiori unsur carita (Robert Stanton) jeung aspék sosial Soekanto.
- 5) Nambahan sarta ngaropéa hasil analisi data tiba kumpulan carpon *Ruruntuk* karya Tiktik Rusyani luyu jeung ulikan tiorina. Ieu léngkah tuluy-tumuluy dilakukeun nepi ka merenah hasil analisisna salaku léngkah koréksi.
- 6) Nyieun kacindekan jeung nyusun laporan tina hasil panalungtikan.